**दिन–गुरूवार** **दिनांक–23.01.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार प्रगति यात्राक बीच आइ सहरसा जिला मे दू सय दस करोड़ टाका सँ बेसीक कतेको विकास परियोजनाक शिलान्यास आओर उद्‌घाटन कयलनि। मुख्यमंत्री जिलाक सत्तर कटैया प्रखंडक मेनहा मे प्लस टू उच्च विद्यालय, बालिका विद्यालय आओर छात्रावासक उद्‌घाटन कयलनि। ओ जीविका दीदी सभ सँ संवाद सेहो कयलनि।

---

पूर्व मुख्यंत्री भारतरत्न कर्पूरी ठाकुरक एक सय एकम जयंती पर हुनक गाम समस्तीपुर जिलाक कर्पूरी ग्राम मे काल्हि विशेष समारोहक आयोजन कयल जायत। उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़ एहि मौका पर कर्पूरी चर्चा विषय पर आयोजित सेमिनारक उद्‌घाटन करताह। ई कार्यक्रम मे राज्पाल आरिफ मोहम्मद खां, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान सहित कतेको गणमान्य लोक सभ रहताह। केन्द्रीय मंत्री रामनाथ ठाकुर पत्रकार सभ सँ गपशप करैत।

---

राष्ट्र आइ महान स्वतंत्रता सेनानी नेता जी सुभाष चंद्र बोस के हुनक एक सय अठाईसम जयंती पर नमन कयलक। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोद नेताजी सुभाष चंद्र बोस के श्रद्धाजंलि अर्पित कयलनि। ओ जनौलनि जे देश नेता जी सँ प्रेरणा लऽकऽ विश्वक तेसर सभ सँ पैघ अर्थव्यवस्था बनबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। प्रधानमंत्री जनौलनि जे देशवासी सभ के विकसित भारतक लक्ष्य हासिल करबाक लेल प्रयास करबाक चाही। नव दिल्लीक संविधान सदनक केन्द्रीय कक्ष मे आयोजित श्रद्धाजंलि सभा मे लोकसभा अध्यक्ष ओम बिड़ला, रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह, कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खरगे आओर आनो–आन नेता सभ नेता जीक चित्र पर पुष्पांजलि अर्पित कयलनि।

---

प्रदेश मे नेता जी सुभाष चंद्र बोसक जयंतिक मौका पर मंत्रिमंडल सचिवालय दिस सँ पटनाक गांधी मैदान लऽग नेता जीक प्रतिमा स्थल पर राजकीय समारोहक आयोजन कयल गेल। जिलाधिकारी डॉक्टर चंद्रशेखर सिंह माल्यार्पण कऽ हुनका श्रद्धासुमन अर्पित कयलनि।

——————————————————

गणतंत्र दिवस पर नव दिल्लीक कर्तव्य पथ पर बिहारक झांकी मे ज्ञान आओर शांतिक परंपरा के देखाओल जायत। सूचना आऔर जनसंपर्क विभाग जनौलक अछि जे राजगीरक घोड़ा कटोरा जलाशय मे बनाओल गेल भगवान बुद्धक प्रतिमा के झांकीक माध्यम सँ देखाओल जायत। संगहि, पुर्नस्थापित नालंदा विश्वविद्यालयक माध्यमे बिहार मे प्राचीन विरासतक संरक्षण लेल कयल जा रहल उपायके सेहो झांकी मे देखाओल जायत।

——————————————————

प्रयागराज रेलवे डिवीजन मौनी अमावस्याक मौका पर महाकुंभ मे श्रद्धालु सभक बेसी भीड़ के देखैत एक सय पचास स्पेशल मेला ट्रेन चलेबाक योजना बनौलक अछि। ई विशेष रेलगाड़ी प्रयागराजक सभ नओ स्टेशन सँ चलाओल जायत, जाहि सँ श्रद्धालु सभ आसानी सँ यात्रा कऽ सकताह।

——————————————————

शिक्षा विभाग विद्यालयक शिक्षा सँ जुड़ल समस्याक सामाधान लेल टॉल फ्री नंबर जारी कयलक अछि। लोक सभ टेलीफोन नंबर– **एक चारि चारि एक सात** या **एक आठ शून्य शून्य तीन चारि पांच चारि चारि एक सात** पर संपर्क कऽ सकैत छथि। संगहि, विभाग पांच मोबाइल नंबर सेहो जारी कयलक अछि।

——————————————————

निगरानी विभाग टीम आइ पश्चिम चम्पारण जिलाक शिक्षा पदाधिकारी रजनीकांत प्रवीणक बेतिया समस्तीपुर दरभंगा आओर मधुबनीक सात ठेकान पर छापा मारलक। ई छापामारी आय सँ बेसी सम्पति मामिला मे कयल गेल अछि। एहि बीच बेतिया बसंत विहार क्षेत्र मे हुनक घर सँ तीन करोड़ सँ बेसी टाका आओर गहना–जेवर बरामद भेल अछि। भेटल जनतबक अनुसार अखन छापामारी भऽ रहल अछि। एम्हर, शिक्षा विभागक अपर मुख्य सचिव डॉक्टर एस. सिद्धार्थ आरोपी जिला शिक्षा पदाधिकारी के निलंबित कऽ देलनि अछि।

——————————————————

पटना एम्स मे दू मरीजक सफल किडनी प्रत्यारोपण कयल गेल। ई जनतब संस्थानक कार्यकारी निदेशक डॉक्टर सौरभ वार्ष्णेय देलनि। ओ जनौलनि जे पटना एम्स मे आनो–आन ठाम सँ कम खर्च मे किडनी प्रत्यारोपण कयल जा रहल अछि।

———————————————————————

सर्द पछिया हवाक कारण राजधानी पटना सहित राज्यक कतेको क्षेत्र मे ठंढ़ा पड़ि रहल अछि। ओतहि, गया, नवादा, जमुई, बांका सहित राज्यक दक्षिण–मध्य आओर दक्षिण–पूर्वी भाग मे घनगर कुहेसक कारण जन–जीवन पर असरि पड़ल अछि। मौसम विभागक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बीच मोतिहारी मे शीतदिवस बनल रहल। एतय न्यूनतम तापमान नओ डिग्री सेल्सियस रहल। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे अगिला दू दिन धरि राज्यक बेसी क्षेत्र मे तापमान मे कोनो खास बदलि नहि होयत। एकर बाद तापमान दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस धरि कमि सकैत अछि।

———————————————————————

गया जंक्शनक प्लेटफॉर्म संख्या चारि आआरे पांच पर विकासक काजक कारण ई स्टेशन सँ खुजय आओर जायबला कतेको ट्रेनक परिचालन के छओ मार्च धरि रद्द कऽ देल गेल अछि।

———————————————————————

समाप्त